

Florida MEDICAID PLAN DETÈMINASYON

ENFÒMASYON JENERAL

Medicaid se opsyon kouvèti sante pou moun ak fanmi ki gen revni fèb. Akoz **Ijans Sante Piblik** federal la, **Ministè Timoun ak Fanmi**, jan gouvènman federal la egzije l, te aplike pwosesis pou kenbe kouvèti Medicaid la pou patikilye, kèlkeswa elijiblite finansye yo. Sa ki te fè kantite benefisyè Medicaid yo te ogmante soti nan 3.8 milyon pou rive 5.5 milyon. Nan Florid, Depatman an detèmine **elijiblite** pou Medicaid, pandan ke **Ajans pou Administrasyon Swen Sante** a ap jere **pwogram Medicaid** la.

*Yon fwa egzijans kouvèti asirans kontinyèl la fini,
Ministè a pral retounen nan pwosesis egzamen estanda Medicaid la,
ki garanti ke benefisyè ki elijib yo ap kontinye enskri.*

OBJEKTIF PLAN AN



Asire kontinite kouvèti Medicaid pou moun ki elijib yo pandan y ap favorize disponiblite founisè asirans sante altènatif.



Priyoreze sèvis kliyan eksepsyonèl atravè kominikasyon solid epi kolaborasyon nan kominote a.



Eksplwateteknoloji ak efikasite operasyonèl pandan y ap respekte direktiv federal yo.

REZIME PLAN FLORID LA

- **Ogmante efikasite** nan **regwoupe dosye benefis piblik yo** sou yon peryòd 12 mwa.
- **Amelyore sèvis kliyantèl la** lè **ou diminye dokimantasyon yo.**
- **Satisfè egzijans reglemantè federal yo** pandan **w ap bay fanmi Florid yo priyorete.**
- **Maksimize teknoloji** ak **otomatizasyon** pou **amelyore pwosesis** ak kominikasyon avèk benefisyè yo.
- **Revizyon otomatik** pou benefisyè yo pou detèmine elijiblite Medicaid. Si Medicaid pa kapab renouvle otomatikman, **benefisyè yo ap resevwa yon avi 45 jou anvan dat renouvèlman yo** ak enstriksyon sou fason pou konplete pwosesis renouvèlman an.

FLORIDA GENYEN

- Amelyorasyon teknolojik ak **otomatizasyon ki aplike** pou ede tretman dosye yo pi vit.
- **Itilizasyon teknolojik** pou kominike ak benefisyè yo pa imèl, mesaj tèks ak lapòs.
- Plis pase **92% nan benefisyè nou yo enskri sou entènèt.**
- Rekòmandasyon otomatik patnè yo bay òganizasyon tankou **Florida Healthy Kids** ak lòt **pwogram ki sibvansyone.**
- **Kominikasyon klè** epi **solid** bay benefisyè, patnè ak aktè yo.

Pou plis enfòmasyon, vizite myflfamilies.com, oswa pou verifiye sityasyon avantaj ou yo ale sou **Kont MyACCESS** ou a.



Si w pa elijib ankò pou Medicaid...

FLORIDA KidCare

Si ou pa kalifye pou Medicaid, epi ou gen timoun ki poko gen 18 an, ou ka anmezi pou achte asirans a ba pri pou pitit ou yo la a.

PWOGRAM POU MOUN KI GEN BEZVEN MEDIKAL

Yon pwogram ki otorize kouvèti Medicaid aprè yo fin atenn yon "pataj nan frè" chak mwa yo. Moun ki pa elijib pou Medicaid "konplè" yo akòz limit revni yo oswa byen yo, kapab kalifye.

SANT SANTE KI KALIFYE NAN FEDERAL LA

Yon founisè swen sante kibay swen medikal pou kliyan ki gen asirans sante limite oswa ki pa gen asirans sante. Sèvis yo bay sou yon echèlmobil an fonksyon de revni yo.

5 OPSYON YO POU SWEN SANTE

PWOGRAM SANTE SIBVANSYONE PA GOUVÈNMAN FEDERAL LA

Yon sit entènèt nasyonal kote ou ka achte yon asirans sante, e menm plan ki baze sou revni a ba pri tou.

KOUVÈTI KOMÈSYAL

Bay kouvèti swen sante (ke se swen ke patwon an esponsorize oswa prive) pou yon frè chak mwa, epi kowòdone swen kliyan yo atravè yon rezo defini doktè ak lopital.




Pou revize opsyon swen sante w yo, vizite:

fqhc.org
healthcare.gov
floridakidcare.org
flmedicaidmanagedcare.com

*Selon bezwen fanmi ou, ou ka kalifye pou benefisyè de de(oswa plis) opsyon swen sante an menm tan.



ELIJIBLITE POU MEDICAID nan Florid PWOSESIS REDETÈMINASYON



Gid pou Medya pou Redetèminasyon Medicaid nan Florid

Mesaj Prensipal yo

Materyèl ak modèl yo bay nan gid sa a pral ede w kominike avèk benefisyè Medicaid yo konsènan fen peryòd kouvèti kontinyèl la. Depatman an ap itilize mesaj ak materyèl sa yo pou edike moun yo. Pou garanti mesaj ki koyeran, nou ankouraje w itilize materyèl yo bay nan gid sa a. Mesaj yo ta dwe ankouraje benefisyè yo pou yo pare yo pou renouvle kouvèti Medicaid yo. Li ta dwe senp, dirèk, epi enfòmatif. Aksyon sansibilizasyon endividyalize ou yo pou benefisyè yo ta dwe kòmanse apre 20 mas 2023. Sa ap pèmèt benefisyè ki gen yon dat redetèminasyon ki fikse pou mwa Avril la resevwa avi yo a epi pou yo kapab pran mezi ki nesèsè.

Kat bagay Florid vle benefisyè yo konnen sou Redetèminasyon Medicaid yo a

Tanpri pataje mesaj sa a ak benefisyè yo

1. Siveye avi Depatman an pou w ka konnen ki lè ou dwe fè demach konsènan kouvèti ou a. Asire w ke ou mete kowòdone ou yo ajou atravè kont MyACCESS ou an.
2. Si w toujou elijib epi nou ka renouvle kouvèti w san w pa fè anyen, n ap fè sa. Si wi, w ap resevwa yon lèt apwobasyon lè kouvèti Medicaid ou a renouvle.
3. Si nou pa kapab renouvle kouvèti w la otomatikman, n ap voye yon avi pou w reyaplike w, epi w ap bezwen fè demach epi ranpli yon redetèminasyon. Si ou pa reponn, ou ka pèdi kouvèti Medicaid ou a.
4. Si w pa kalifye ankò pou Medicaid, gen lòt opsyon! Gade 5 Opsyon pou feyè Swen Sante epi vizite [Myflfamilies.com/Medicaid](https://www.myflfamilies.com/Medicaid)

Si w pa elijib ankò pou Medicaid...



Sa pou fè ak Sa pou pa fè pou redetèminasyon Medicaid ou an

SA POU FÈ: Asire w ke w mete adrès ou a ajou sou kont MyACCESS ou a SI w te demenaje pandan 3 dènye ane yo. Asistan Vityèl DCF la rann li fasil!

SA POU FÈ: Verifye dat redetèminasyon ou a sou kont MyACCESS ou a.

SA POU FÈ: Bay yon nimewo tèks sou kont MyACCESS ou a pou DCF ka fè w sonje lè redetèminasyon w lan dwe fèt.

SA POU FÈ: Siveye yon anvlòp ki gen yon bann jòn ki di w renouvèlman ou an dwe fèt.

SA POU FÈ: Retounen tout enfòmasyon yo mande yo pi vit posib.

SA POU FÈ: Ranseye w sou lòt opsyon kouvèti epi aplike pou yo si ou pa kalifye ankò pou Medicaid.

SA POU FÈ: Anvizaje Florida KidCare pou pitit ou yo, si sa nesesè.

SA POU FÈ: Panike. Depatman an ap kontakte w lè moman an rive pou w renouvle l, annatandan asire w ke kowòdone ou yo ajou.

SA POU PA FÈ: Inyore yon avi redetèminasyon.

SA POU PA FÈ: Depoze yon nouvo aplikasyon anvan dat redetèminasyon w lan (sòf si w ap ajoute yon nouvo manm nan fwaye ou oswa si w ap aplike pou benefis adisyonèl).

SA POU PA FÈ: Rete tann sou liy sant apèl la pou èd. Pifò atik yo ka aktyalize byen vit atravè Asistan Vityèl DCF la oswa lè w konekte sou kont ou a.

SA POU PA FÈ: Retire manm fwaye ou yo nan aplikasyon ou an.





Rezo Sosyal

Moman Mesaj la: Pataje ak piblik la apre fen peryòd kouvèti kontinyèl la 31 mas 2023.

Tèks	Imaj
<p>Èske w te demenaje pandan 3 dènye ane yo? Asire w ke pwoteksyon sante w la ap demenaje avèk ou. Konekte sou kont MyACCESS ou a pou mete kowòdone ou yo ajou. (Mete lyen pou w konekte sou MyACCESS:https://www.myflorida.com/accessflorida/)</p>	
<p>Depatman Timoun ak Fanmi vle rantre an kontak avèk ou! Benefisyè Medicaid yo ka resevwa mesaj tèks rapèl DCF pou mete adrès ou ajou oswa pou renouvle aplikasyon pou avantaj ou yo. Ou ka verifiye tou avi DCF yo lè w konekte sou kont MyACCESS ou an. (Mete lyen pou w konekte nan MyACCESS:https://www.myflorida.com/accessflorida/)</p>	<p>Facebook</p> <p>Instagram</p> <p>Twitter</p>
<p>Li fasil pou mete enfòmasyon ou yo ajou sou kont MyACCESS ou an! Asire w ke enfòmasyon w yo kòrèk jodi a pou w resevwa lèt renouvèlman w lan. (Mete lyen pou w konekte nan MyAccess https://www.myflorida.com/accessflorida/)</p>	

Rezo Sosyal

Moman Mesaj la: Pataje ak piblik la apre fen peryòd kouvèti kontinyèl la apati 1ye avril 2023.

Tèks sou rezo sosyal yo	Grafik/Videyo ki Koresponn	Lè pou Pibliye
<p>Redetèminasyon Medicaid yo ap retounen! Asire w ke enfòmasyon ou yo ajou nan kont MyACCESS ou a. (Mete lyen pou w konekte nan MyACCESS: https://www.myflorida.com/accessflorida/)</p>	<p>Facebook</p>  <p>Instagram</p>  <p>Twitter</p> 	<p>Aprè 1ye Avril</p>
<p>Ou gen Medicaid? Ou pa vle rate pati enpòtan sa a nan kourye a. Siveye anvlòp ki gen bann jòn nan! Li gen renouvèlman Medicaid ou a. Mete adrès ou ajou nan kont MyACCESS ou a jodi a! (Mete lyen pou w konekte nan MyACCESS: https://www.myflorida.com/accessflorida/)</p>		<p>Aprè 1ye Avril</p>

Modèl Imèl

Fèt pou itilize pa yon plan sante Medicaid anvan redetèminasyon an pou ankouraje benefisyè Medicaid yo pou yo gen kowòdone yo ajou nan dosye Depatman Timoun ak Fanmi nan Florid. Yo dwe voye lèt sa a bay benefisyè yo nan fen mwa mas la.

Liy Sijè: Lèt renouvèlman Medicaid ou an ap vini. Chèche anvlòp ki gen bann jòn nan!

Apèsi tèks la:Asire w ke adrès ou ajou ak Depatman Timoun ak Fanmi pou resevwa lèt redetèminasyon w lan pa lapòs.

Lyen Prensipal:[Myflfamilies.com/Medicaid](https://myflfamilies.com/Medicaid)

Èske ou menm oswa yon manm fanmi ou gen Florida Medicaid kounye a? Si wi, men sa ou bezwen konnen.

Pandan douz pwochen mwa yo w ap resevwa yon lèt redetèminasyon pa lapòs ki soti nan Depatman Timoun ak Fanmi nan Florid. Y ap remèt lèt redetèminasyon an nan yon anvlòp ki gen bann jòn. Pou asire w ke ou resevwa kourye enpòtan sa a: asire w ke adrès ou, imèl, ak nimewo telefòn ou ajou sou kont MyACCESS ou a ak Depatman Timoun ak Fanmi nan Florid. (Lyen an ap disponib pou konekte nan MyACCESS: [Myflfamilies.com/Medicaid](https://myflfamilies.com/Medicaid))

Sonje: Mete adrès ou ajou. Nou pa vle ou rate pati enpòtan sa a nan kourye a.

Sensèman,

[Insert *Medicaid Health Plan*]